



Pou Piblikasyon Imedya: 01/12/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE YO PRAL LIMEN MONIMAN ETA YO POU
REKONÈT JOUNEN MONDIAL SIDA A**

Gen 14 Moniman k ap limen wouj atravè Eta a nan aswè vandredi 1e desanm lan

*Gouvènè Hochul pibliye yon pwoklamasyon pou rekonèt jounen mondyal kont
SIDA; li pwoklamasyon an [isit la](#)*

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a 14 moniman atravè Eta New York pral limen an wouj nan aswè vandredi 1e desanm nan, pou rekonèt Jounen Mondyal kont SIDA (World AIDS Day).

"Nan Jounen Mondyal kont SIDA, nou lamante moun nou pèdi yo nan epidemi sa a", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Nou tou onore Nouyòkè k ap goumen ak maladi sa a kounye a – pandan ke nou deja fè pwogrè nan diminye enfeksyon VIH atravè eta a, nou konnen gen plis travay ki pou fèt. Jodi a, n ap re-angaje efò nou pou mete fen nan epidemi sa a yon fwa pou tout."

Gouvènè Hochul te pibliye tou yon [pwoklamasyon](#) ki deklare 1e Desanm Jounen Mondyal kont SIDA nan Eta New York. Anvan Jounen Mondyal SIDA, Gouvènè Hochul te siyen [lejislasyon](#) pou pwoteje moun k ap viv ak VIH kont diskriminasyon nan etablisman swen alontèm yo, sou baz pwoteksyon ki egziste deja ki etabli nan Lwa sou Dwa Moun New York la.

Komisè Depatman Sante Eta a, Doktè James McDonald, te deklare, "Jounen Mondyal kont SIDA se yon moman pou nou reflechi sou moun ki te pèdi lavi yo nan epidemi sa a twò bonè epi asire yo pa bliye memwa yo pou jenerasyon k ap vini yo. Mwen fyè de travay ki fèt pou mennen nou pi pre objektif nou pou mete fen nan epidemi an nan New York, men nou gen plis bagay pou nou fè pou jwenn nouvo fason inovan pou elimine baryè sistemik yo ak amelyore detèminan sosyal sante moun k ap viv ak yon dyagnostik VIH."

Pami moniman yo pral limen yo genyen:

- 1WTC

- Pon Gouvènè Mario M. Cuomo (Governor Mario M. Cuomo Bridge)
- Kosciuszko Bridge
- Batiman SUNY H. Carl McCall lan
- Batiman Edikasyon Eta a (State Education Building)
- Batiman Alfred E. Smith State Office (Alfred E. Smith State Office Building) la
- Empire State Plaza
- Pak Ekspozisyon Eta - Pòtay Prensipal ak Sant Ekspozisyon
- Chit Nyagara (Niagara Falls)
- Pòtay Entènasyonal Ayewopò Albany (Albany International Airport Gateway)
- MTA LIRR - East End Gateway nan Penn Station
- Pon Flotan nan Fairport (Fairport Lift Bridge) sou Kanal Erie a
- Moynihan Train Hall
- Pak Eta Istorik Walkway Over the Hudson

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)